



Avni Blue Hill Plan

Aksyon Transpò

mbta.com/BlueHillAve

Tanpri ale nan mbta.com/

BlueHillAve pou gade
enfòmasyon sa yo an Kreyòl
Ayisyen, Espanyòl, Kreyòl Cape
Verdean, Vyetnamyen oswa
Pòtigè. Pou mande tradiksyon
nan lòt lang, tanpri kontakte
BetterBusProject@MBTA.com.

Visite mbta.com/BlueHillAve
para ver esta información en
español, criollo haitiano, criollo
caboverdiano, vietnamita o
portugués. Para solicitar la
traducción a otros idiomas,
póngase en contacto con
BetterBusProject@MBTA.com.

Acesse o site mbta.com/
BlueHillAve para visualizar
estas informações em
português, espanhol, crioulo
haitiano, crioulo cabo-
verdiano, ou vietnamita. Para
solicitar a tradução em outros
idiomas, envie um e-mail para
BetterBusProject@MBTA.com.

Favor di entra na site mbta.
com/BlueHillAve pa odja
es informason na crioulo
cabo-verdiano, Spanhol,
Kriolu di Haiti, Vietnamita, o
na Portugues. Pa pidi traduson
na otu língua, favor di kontata
BetterBusProject@MBTA.com.

Vui lòng truy cập mbta.com/
BlueHillAve để xem thông tin
này bằng tiếng Việt, tiếng Tây
Ban Nha, tiếng Haiti Creole,
tiếng Creole Cape Verde
hoặc tiếng Bồ Đào Nha. Để
yêu cầu dịch sang các ngôn
ngữ khác, vui lòng liên hệ
BetterBusProject@MBTA.com.

MBTA ak Vil Boston ap travay ansanm pou redevlope Avni Blue Hill ant Warren Street nan Grove Hall ak River Street nan Mattapan Square, nan kad pwogram MBTA Better Bus Project ak Priyорите Transpò Otobis la. Blue Hill Avenue pase atravè Roxbury, Dorchester, ak Mattapan, epi li sèvi 10 wout otobis ak kèk nan pi gwo kantite moun nan sistèm nou an.

An fevriye 2024, Vil Boston ak MBTA te anonse yon envestisman istorik pou redevlope Avni Blue Hill la pou pi byen desèvi pasaje bis yo, kreye kondisyon ki pi an sekirite pou pyeton ak otomobilis, ajoute pye bwa epi enstale nouvo ekipman pou yon koridò ki chaje ak aktivite pou ti biznis yo. Yon nouvo konsepsyon multi-modal pral ajoute yon liy otobis santral pou plis pase 40,000 pasaje ki itilize Avni Blue Hill chak jou lasemèn, epi pi byen defini espas pou chofè yo ak pyeton yo, kreye yon eksperians ki pi an sekirite ak pi aksesib pou tout moun.





Avni Blue Hill Plan

Aksyon Transpò

Yon redevelopman multimodal ki enkli tout itilizatè wout yo

Karakteristik ki pral enkli nan Plan Aksyon Transpò Avni Blue Hill:

- Espas defini pou tout itilizatè lari yo ki pral pèmèt sikilasyon pi dousman, diminye konfli ant otomobilis, pyeton, itilizatè transpò publik ak siklis.
- Koridò otobis santral ki genyen yon platfòm elve ak devnouvo abri otobis amelyore pou yon pi bon eksperians pou pasaje
- Limyè trafik yo amelyore pou bay otobis yo priyorite epi redwi reta poutèt trafik yo
- Amelyore sekirite pou pyeton yo, ki gen ladann pi bon vizibilite nan pasaj pou pyeton yo, de novo pasaj amelyore pou pyeton yo, ak distans pou travèse ki pi kout.
- Anpil plis bwa nan koridò a
- Nouvo ekipman tankou pi bon ekleraj lari, ban, pakin bisiklèt ak atizay publik.

Tande Kominote a

Apre plizyè ane angajman nan kominote a (pou plis enfòmasyon, vizite [boston.gov/blue-hill-ave](#)), fidbak ou a te klè: Avni Blue Hill pa ka rete nan eta li ye kounye a. Machin ki estasyone sou de liy, otobis ki bloke nan sikilasyon, gwo pousantaj aksidan sikilasyon, pasaj pyeton danjere... sa yo se kèk nan pwoblèm MBTA ak Vil Boston te tande itilizatè Avni Blue Hill te di. Pandan pwojè a ap pwogrese, ekip pwojè a pral mande fidbak ou pou ede fòme konsepsyon an, tankou:

- ANPLASMAN PLATFÒM BIS
- PAKIN
- SEKIRITE PYETON
- MONTE BISIKLÈT
- ENFRASTRIKTI VÈT

Patisipe nan pwosesis konsepsyon an

MBTA ak Vil Boston ap kontinye kolekte fidbak nan men rezidan yo ak biznis lokal yo nan chak blòk katye. Konvèsasyon sa yo pral detèmine anplasman platfòm otobis yo, distribisyon espas yo, elaji ak amelyore pasaj pou pyeton yo, ak règ pakin yo, pamiliòt amelyorasyon.

Ou ka bay fidbak ou sou Entènèt Angle, Panyòl, Kreyòl Ayisyen, Vyethnamyen oswa Pòtigè:
[MBTA.com/BlueHillAveSurvey](#)

Sondaj la fèmen 11 jiyè 2024



Aprann plis epi bay Feedback

Sitwèb pwojè MBTA:

[MBTA.com/BlueHillAve](#)

Sitwèb Pwojè Vil Boston:

[Boston.gov/blue-hill-ave](#)

Enfòmasyon pou kontakte yo

Adrès imèl MBTA:

BetterBusProject@mbta.com

Adrès imèl vil Boston:

BlueHillAve@Boston.gov

Nimewo telefòn vil Boston:

617-635-3944